

Ou ka te an kontak ak yon moun ki gen maladi tibèkiloz (TB). Depatman sante lokal yo oblije pale ak chak moun ki te gen kontak sere ak yon moun ki gen TB. TB se yon maladi grav ki ka domaje poumon yo oswa lòt pati nan kò a. Se poutèt sa li enpòtan pou w fè tès pi vit posib.

TB gaye lè w pase lontan nan menm chanm oswa ti espas ak yon moun ki malad ak TB. Li gaye nan lè a lè yon moun ki gen TB nan poumon li touse, etènne, chante oswa pale. Ou ka enfekte si ou respire mikwòb TB yo nan poumon ou. Ou pa ka trape TB si w deyò ak yon moun ki gen TB.

Gen de kalite TB: enfeksyon **latent TB** ak **maladi TB**.

Enfeksyon Latent TB

Yon moun gen **enfeksyon latent TB** si li gen yon tès po TB ki pozitif, men radyografi poumon li nòmal (negatif). Sa vle di li te respire mikwòb TB yo, men kò li te kapab konbat mikwòb yo. Moun ki gen enfeksyon latent TB pa santi yo malad epi yo pa gen okenn siy TB. Yo pa ka bay TB bay lòt moun. Apeprè youn sou chak twa moun sou latè gen enfeksyon latent TB. Youn sou chak 10 moun ki an sante ak enfeksyon latent TB ap vin malad ak TB yon lè nan lavi yo. Moun ki gen enfeksyon latent TB dwe pran medikaman pou diminye risk pou yo devlope TB pita. Nan North Carolina, depatman sante lokal la bay medikaman sa yo gratis.

Maladi TB

Yon moun gen maladi TB si li gen yon tès po TB ki pozitif epi radyografi poumon li pa nòmal (pozitif). Yon moun ki gen TB santi li malad epi li ka bay TB bay lòt moun. Maladi TB ka geri ak medikaman. Moun ki gen TB dwe pran medikaman pou omwen sis mwa pou yo ka geri. Nan North Carolina, medikaman sa yo gratis nan men depatman sante lokal la.

Tès pou TB

Enfimyè a pral mande ou si ou gen okenn sentòm TB. Apre sa, li pral mete yon ti likid pou tès la jis anba po bra ou. Ou dwe retounen nan 2 a 3 jou pou yo ka verifye bra ou.

Enfimyè a ap di w rezilta tès ou. Si tès TB ou negatif epi ou pa gen okenn sentòm TB, ou dwe retounen pou fè yon lòt tès po TB apre uit (8) semèn. Si dezyèm tès la negatif tou, ou pa bezwen fè anyen lòt.

Si tès po ou pozitif, ou dwe fè yon radyografi poumon. Si radyografi ou nòmal epi ou pa gen sentòm TB, ou ta dwe toujou pran medikaman pou diminye chans ou genyen pou w devlope TB pita. Medikaman an gratis nan men depatman sante lokal la.

Si tès po ou pozitif epi radyografi poumon ou pa nòmal (pozitif), ou ka gen maladi TB. Si doktè a di ou gen TB...

Sonje:

- Se sèl moun ki malad ak Tibèkiloz ka simaye Tibèkiloz.
- Òdinè pou Tibèkiloz kapab madichonnen epi anpeche yo jwenn bon medikaman.
- Si w genyen tib enfeksyon Tibèkiloz inaktif, y ap resevwa medikaman gratis pou bese remèd ou chans pou vin malad ak Maladi Tibèkiloz pita sou.
- Si w genyen Tibèkiloz, y ap ba ou medikaman gratis pou geri Tibèkiloz ou.

Si w gen kesyon, tanpri rele enfimyè Tibèkiloz ou a, _____,
nan _____.

Enfòmasyon nan klinik:

Wayne County Health Department

TB Clinic 919-731-1161